


**TRUTH
CENTERED
TRANSFORMATION**

MODULE



MUNYU NECHIEDZA BHUKU REMUDZIDZISI

Truth Centered Transformation is a ministry of Reconciled World. Learn more at tctprogram.org.



Chokwadi Yakatarisana neShanduko—Bhuku: Munyu neChiedza v5. Copyright ©2020^[1]_{SEP} Reconciled World, Phoenix, Arizona, United States of America. www.reconciledworld.org

Iri basa rakavapo nemitemo uye zvitsungo zveCreative Commons Attribution–ShareAlike 3.0 rezinesi. Iwe unotenderwa uye unokurudzirwa kushandisa basa iri, uye kukopa, kugovera, uye kuriendeswa kwakasiyana siyana asi uchitedzera zvinoti:

Rukudzo – Unofanika kupa rukudzo nekubatidza chirevo chinotevera: Copyright © 2017. Rakatsikiswa neReconciled World (www.reconciledworld.org) pasi pemitemo nezvitsungo zveCreative Commons Attribution–ShareAlike 3.0 rezinesi. Kuti uwane rumwe ruzivo, ona www.creativecommons.org.

Hazvitengeswi – Haungashandise chinyorwa ichi kutsvagisa mari.



Kana uchida kushandura chinyorwa ichi mune mumwe mutauro, tapota nyorera info@tctprogram.org.

Mavhesi ose, kunze kwepazvakaratidzwa, akatorwa kubva muBhaibheri Dzvene, reNew International Version®, NIV®. Copyright ©1973, 1978, 1984, 2011 by Biblica, Inc.TM. Rakashandiswa nemvumo yeZondervan. All rights reserved worldwide. www.zondervan.com. “NIV” uye “New International Version” zvinyorwa zvozivikakanwa zvakasungwa neUnited States Patent and Trademark Office by Biblica, Inc.TM.

Chidzidzo chekutanga: Munyu neChiedza

Pfungwa Huru: Semunyu nechiedza, hupenyu hwedu hwakagadzirirwa kuunza shanduko munharaunda dzedu.

Nhanganyaya

Simudza chigaba chine munyu. Munyu inzira yakakosha uye inoshamisa yekuita kuti zvinhu zvive nani!

- Munyu unowedzera kunaka kuchikafu. Yakanaka pakuchenesa nekuchengetedza zvinhu. Miviri yedu inoda munyu kuti tirarambe.
- Munyu mucherechedzo wekuti vaKristu ndivanaani.

Mazano Akakosha

Iva semunyu nekuchengeta nharaunda yako

Mateo 5:13

‘Imi muri munyu wenyika. Asi kana munyu warasa kuvava kwawo, ucharungwa nei? Hauchabatsiri chinhu, kunze kwokuti urasirwe kunze utsikwe-tsikwe nevanhu.’

- Jesu arikutaura kuvateveri vake (isu).
- Jesu ari kuudza vateveri vake zvinhu zviviri nekuvaenzanisa nemunyu.
 - Munyu unokosha - isu tinokosha zvikuru.
 - Munyu unobatsira - tinokwanisa kubatsira munharaunda dzedu.

Nyaya

Fungidzira kuti vanhu vaviri vapinda muchitoro kunotenga zviyo, uye mutengesi anovapa vari vaviri chenji yakawandisa. Mutengi wekutanga anoseka ega nezvekusadzidza kwemutengesi, obva aenda ochengeta mari. Mutengi wechipiri anoudza mutengesi nezvechikanganiso, uye anodzose mari. Mutengesi wemuchitoro paanoti mazvita oreurura kuti ane dambudziko nemasvomhu uye zviri kukanganisa bhizinesi rake, mutengi wechipiri anozvipira kubatsira nekumudzidzisa kana achida kudzidza.

- Mutengi wechipiri arikuita semunyu. Anoratidza kukosha kwake nokuva anobatsira kumutengesi wechitoro—achiita kuti nharaunda yake ive nzvimbo iri nani yokugara.
- Tinofanirawo kuva munyu, zuva nezuva tichiita kuti zvinhu zvive nani kune vari munharaunda dzedu.

Ivai sechiedza, muchiita mabasa akanaka kuti Mwari akudzwe

- Chiedza chinotibatsira kuona uye chinobatsira kuti zvinhu zvikure. Muna Johane 8:12, Jesu anoti:

“Ndini chiedza chenyika. Ani naani anonditevera haangatongofambi murima, asi achava nechiedza choupenyu’.

- Patinotevera Jesu, anotiratidza mararamiro atinofanira kuita.

Mateo 5:14–16

‘Imi muri chiedza chenyika. Guta rakavakwa pamusoro pegomo haringavanziki. Uye mwenje havangautungidzi vouisa pasi pedengu. Asi vanouisa pachigadziko uye unovhenekera vose vari mumba. Nenzira imwe cheteyo, chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu, kuti vaone mabasa enyu akanaka, vakudze Baba venyu vari kudenga.”

- Tinovhenekera chiedza chedu nekuita mabasa akanaka. Vanhu vachavaona vokudza Mwari.
- Iri ndiro basa rekereke munyika. Vanhu vaMwari pavanosarudza kusavhenekera chiedza chavo, nharaunda dzavo dzinosiyiwa dziri murima dzisina tariro.

Mifananidzo miviri yenyaya

Kune mumwe musha munhu airwara n’anga yaiuya ichida kuti vabayire mhuka yechibayiro kuti vapihwe mazano nemishonga. VaKristu vekereke pavakadzidza nezvehutano kuburikidza nechirongwa cheTCT, vakatanga kushandisa zvidzidzo izvi kurapa zvirwere zvinowanzoitika kwavari ivo nevavakidzani vavo. Vanhu vese vepamusha apa vaiona kuti vanhu vaitevedzera zano ravo vaizopora pasina kubaira mhuka. Iye zvino musha wose unoedza kudzivirira uye kurapa zvirwere pane kuita zvibayiro. Izvi zvinovachengetedzera mari uye zvinoita kuti vave neutano hwakanaka. Zvinoita sokuti kushumira Mwari kunoita kuti upenyu hwevaKristu huve nani. Zvinoita kuti hupenyu hwevamwe huve nani, zvakare!

Mune mumwe musha, vanhu pavaiuya kuzobatsira kukohwa munda, muridzi wemunda aifanira kupa zvokudya zvakanwanda nezvekunwa kana kuti doro kumunhu wose aibatsira. Dzimwe nguva mutengo weizvi waipfuura purofiti kubva pakukohwa! Pashure pokudzidza nezveMabasa eRudo, vaKristu vomunharaunda iyi vakasarudza kuti vaizobatsira muminda yevarombo vasingade chero zvokudya. Vanhu vakashamiswa kuti vaKristu vaisangobatsirana chete asi vaibatsirawo vanhu vaiva kunze kwekereke. Nenguva isipi, vamwe vanhu vomumusha wacho vakaona zvavakanga vachiita ndokutevedzera muenzaniso wavo. Iye zvino munhu wese mumusha anoshanda muminda yemumwe mahara. Vose vanouya nezvokudya zvavo, uye vanoshanda pamwe chete. Somugumisiro, mhuri imwe neimwe inokwanisa kuita purofiti. Iye zvino kukohwa inguva iyo musha unotarisa mberi kwairi kwete yavanonetsekana nayo, uye vanogona kuriritira mhuri dzavo nepurofiti yavo.

- Makereke akaita mabasa akanaka uye akaita kuti nharaunda dzawo dzive nani.
- Zvino nharaunda dzava kuziva kuti Mwari wevaKristu akanaka.
- *Govera dzimwe nyaya kubva munharaunda yako uye yeuchidza ungano kuti nharaunda yakazvigamuchira sei.*

Mhedziso uye Mashandisiro

Tinofanira kuva munyu, tichishandura nharaunda dzedu kuva dzakanaka.

Tinofanira kuva chiedza, tichiita mabasa akanaka kuti Mwari arumbidzwe.

- Ndinonyatsotenda here kuti Mwari anoda kuti vateveri Vake—kusanganisira ini nechechi yangu—tine munyu uye chiedza, tichiita mabasa akanaka anounza shanduko munharaunda yedu?

Mufundisi: Namata kuti Mwari varatidze kereke nzira yekuva munyu nechiedza. Tora miniti kana maviri kumirira chinyararire kuti iye apindure.

Chidzidzo chechipiri: Kukudza Mwari

Pfungwa Huru: Chinangwa chekuva munyu nechiedza kune vamwe ndechekukudza Mwari mune zvese zvatinoita.

Ongororo yeChidzidzo chekutanga

Semunya nechiedza, hupenyu hwedu hunofanira kuita kuti zvinhu zvive nani munharaunda medu.

Mateo 5:16

‘Saizvozvo chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu, kuti vaone mabasa enyu akanaka, vakudze Baba venyu vari kudengan’.

Nhanganyaya

- Chinangwa chekuva munyu nechiedza ndechekuitira kuti Mwari akudzwe.
- iyi inonangana nezvinoreva kukudza Mwari.

Mazano Akakosha

Hupenyu hwedu hunofanira kukudza Mwari

- Nhorroondo yendima: Valsraeri vaive vanhu vakasarudzwa vaMwari. Akavanunura kubva muuranda muEgipita, uye vakafamba nomugwenga vachienda kunyika yavakanga vavimbiswa naMwari (Egisodho).
- Pavakasvika kunyika, vakatuma vasori. Vasori vaviri vakataura nezvezvokudya zvakanaka nenyika yakanaka. Vamwe vose vaitaura nezve njodzi uye ‘vakaparadzira mushumo wakashata’ (Nomeri 13).
- Vanhu vakanga vasingavimbi naMwari. Vaida kudzokera kuljipiti. Mukupindura, Mwari akati aizoparadza valsraeri uye panzvimbo pezvo azviitire rudzi rutsva kubva kuna Mosesi (Nomeri 14:1-12).

Numeri14:13-16

Mozisi akati kuna Jehovha, ‘Ipapo valjipiti vachazvinzwa! nesimba renyu makabudisa vanhu ava pakati pavo. Uye vachaudza vagari venyika ino nezvazvo. Vakatonzwa kuti imi, Ishe mune vanhu ava, uye kuti imi, Ishe, makaonekwa chiso nechiso, kuti gore renyu rinogara pamusoro pavo, uye kuti munovatungamirira neshongwe yegore masikati neshongwe yemoto usiku. Kana mukauraya vanhu ava vose, musina kana mumwe chete ari mupenyu, ndudzi dzichanzwa shoko iri pamusoro penyu dzichati, “Jhovha akanga asingagoni kupinza vanhu ava munyika yaakanga avavimbisa nemhiko, saka akavauraya munyika. murenje”.

- Mozisi anokumbira Mwari kuti aregerere vanhu.
- Mozisi anonyanya kufunga nezvemukurumbira waMwari kupfuura wake. Aida kuti Mwari vawane mbiri.
 - Anozvibvunza kuti, ‘Vanhu vachafungei nezvaMwari kana izvi zvikaitika?’ Mozisi ainetseka kuti kana Mwari akaparadza valsraeri, valjipiti nevamwewo

vachafunga kuti Mwari akanga atadza kuzadzisa vimbiso yake yokuvaunza kunyika yechipikirwa.

VaKorinde chekutanga 10:31

‘Saka kana muchidya kana kunwa kana chinhu chipi nechipi chamunoita, itai zvose kuti Mwari akudzwe’

- Unombofunga nezvemukurumbira waMwari here?
- Zvose zvatinaita, kunyange zvinhu zvakapfava sekudya kana kunwa, zvinofanira kuitwa kuti Mwari akudzwe.
 - Kana dzimba dzevaKristu dziridzo dzakanyanya pahutsvina munharaunda, midziyo yavo isinga chengetwi zvakanaka, uye vana vavo vakapfeka nguo dzine tsvina, vanhu vachafungei pamusoro paMwari?
 - ‘Mwari vanongoitira hanya zvinhu zvemweya chete asi havana hanya nemhuri’.
 - ‘Mwari haana simba rakakwana rekubatsira vanhu vake’.
- Izvi hazvirevi kuti tinofanira kuva vakapfuma kana kuti vakakwana kuti tikudze Mwari.
 - Jesu akaberekerwa mumhuri yevarombo.
 - Tinofanira kushandisa zvatakapiwa naMwari nepose patinogona napo kuti timukudze.

NYAYA

Imwe mhuri yakatamisirwa kuenda kumusha muduku nemhaka yehondo munyika yavo. Hondo isati yatanga, mhuri yacho yakanga yakapfuma zvikuru. Panzvimbo peimba youmbozha muguta, vakanga vava kugara muimba yevhu. Mudzimai wacho aisuwa imba yakanaka uye aigarofunga nezvazvo. Haana kuchengeta zvakanaka imba iyi uye yakakurumidza kupera. Pashure penguva yakati, muramu wake mukuru akauya kuzogara. Akatsvaira ndokuchenesa nharaunda yacho, akagadzira imba yacho, uye akatanha maruva kuti aunze runako rwaMwari mukati. Akagara kwemavhiki mashoma achiita aya marudzi emabasa akareruka asingashandisi chero mari, zvainzwikwa vemhuri nekuda kwemba iyi zvakashanduka. Zvakapa tariro kumudzimai womukoma wake, kumhuri yose, nevavakidzani vavowo. Kunyange zvazvo mhuri yacho yakanga ichiri varombo uye imba yacho yakanga ichiri duku uye iri nyore, hama yakashandisa zvaiva nemhuri yacho kuti ikudze Mwari pakati pemamiriro ezvinhu akaoma.

- Muramu akaedza kukudza Mwari muzvinhu zvose, kunyange zvinhu zviduku. Zvakaita mutsauko.
- Kana tikazvichengeta isu pachedu, mhuri dzedu, nepfuma yedu, zvinoita kuti Mwari vataridzike kuti vakanaka.
- Vanhu vachafunga kuti, ‘Mwari wavanonamata anoshamisa kwazvo. Mitemo yake yakanaka. Nzira dzake dzakanakisisa!’

Upenyu hwedu hunofanira kupa Mwari mukurumbira wakanaka

VaKorinde vechipiri 5:20

‘Naizvozvo tiri vamiriri vaKristu, sokunge Mwari ari kusvitsa chikumbiro chake kubudikidza nesu’.

- Mumiriri munhu anogara kune imwe nyika kuti amiririre nyika yake.
 - Chinhu chose chaanotaura nezvaanoita, kunyange mapfekero ake, anoitirwa kuunza rukudzo neruyamuro kunyika yokumusha kwake.
 - Kana akaita chimwe chinhu chakaipa, zvinoita kuti nyika yake iratidzike seyakaipa.
- Izvi zvakafanana nokuva nevana. Kana mwana wako akaita chimwe chinhu chakaipa, unonyara. Zvinokuita kuti utaridzike sewakaipa. Kana mwana wako akaita chimwe chinhu chakanaka, iwe unodada. Zvinoita kuti utaridzike zvakanaka.
- Isu tiri vamiriri vehumambo hwaMwari. Tiri vana Vake.
 - Kana vanhu vakatitarisa nehupenyu hwedu, vanotonga kuti Mwari akaita sei.
 - Tinoda kuti vazive kuti Mwari mukuru uye akanaka. Vanofanira kuona mufaro nerupo nerudo rwokuzvibayira izvo Mwari anopa.

Kuraramira kukudzwa kwaMwari kunoita kuti tifarere

Johani 15:10-11

‘Kana muchichengeta mirayiro yangu, muchagara murudo rwangu... Ndakuudzai zvose izvi kuti mufaro wangu uve mamuri uye mufaro wenyu uve wakakwana.’

- Kuchengeta mirairo yaJesu hausi mutoro unorema, asi mufaro.
- Sezvo Jesu aiva nemufaro mukuru mukuteerera Baba, tichava nemufaro mukuteerera kwedu kwaVari. Tinova nemufaro wakakwana kana tikatevera nzira dzake, uye Mwari vanowana kubwinya.

Mhedziso neMashandisiro

Petro wekutanga 2:12

‘Garai upenyu hwakanaka pakati [peavo vasingatendi] kuti, kunyange vachikupomerai mhosva, vaone mabasa enyu akanaka, vakudze Mwari nezuva raanotishanyira.’

- Funga nezvekumiririra kwawakaita Mwari svondo rapfuura. Vanhu pavanotarisa upenyu hwako, vangafungei nezvaMwari? Pane chaunofanira kushandura here kuti vanhu vaone kuti Mwari akanaka sei?
- Chinangwa chedu mukuraramira kukudzwa kwaMwari ndechekuti vamwe vaone kunaka kwake uye vamukudzewo. Hazvishamisi here kuti kupfurikidza nokurarama nenzira iyi, Mwari anotowedzera kutikomborera nokutipa mufaro? Tine chikonzero chekumukudza!

Chidzidzo chechitatu: HuKristu hweChokwadi

Pfungwa Huru: HuKristu hwechokwadi hunoratidzwa nemabasa ekunze anobva pane zvatiri nechomukati. Migumisiro(results) yekuda kwedu Mwari.

Ongororo yeChidzidzo chekutanga nechechipiri

Semunyu nechiedza, hupenyu hwedu hwakagadzirirwa kuita kuti zvinhu zvive nani zvakatipoteredza uye munharaunda dzedu. Chinangwa chekuva munyu uye chiedza kune vamwe ndechekukudza Mwari mune zvese zvatinoita.

Nhanganyaya

Unogona here kuziva zviri kufungwa nemumwe munhu nekumutarisa? Zvine basa nezvatiri kufunga here? Nhasi, vanhu vatatu vari kuita mabasa akanaka vachatiudza zvavari kufunga. *(Mufundisi: Unogona kuverenga basa remunhu wega wega, kana kuti unogona kuita kuti nhengo yekereke ifanogadzirira kuverenga.)*

Mazano Akakosha

Usaite Mabasa eRudo kungoratidza kunaka kwako.

MUNHU wekutanga

(NEKUDADA) Zvinogutsa sei! Nhasi ndaparidzira mhomho yevanhu muguta. Ndakavaudza nzira dzose dzavaifanira kurarama nadzo. Zvirokwazvo ndiri muevhangeri akanakisa munzvimbo ino—hapana mumwe munhu ane budiroro seni! Hazvishamisi: ndinopedza maawa maviri ndichinyengetera uye awa imwechete ndichiverenga Bhaibheri zuva rega rega. Svondo rakapera ndakatsanya kwemazuva matatu ndikakumbira Mwari kuti vandipe vanhu vanotendeuka zana nemakumi mashanu mwedzi uno. Ndine chokwadi paAnoona kunyengetera kwangu nekutsanya kwandinoita kuti achapindura munamato wangu. Zvakanyanya kuipa kuti vamwe havasi vemweya seni... Ah! Pane chidhakwa chemunharaunda chiya futi. Zvinoita sekuti haachakwanisa kuwana nzira yake yekudzokera kumba uye dzangova nguva dzeshanu! Ha. Anoda chaizvo kunzwa imwe yemharidzo dzangu! Zvakana, handina nguva yake iye zvino-inguva yekunyengetera!

- Munhu uyu anodada nekugona kwake nekuita kwake.
- Anofunga kuti akarurama pane zvaanoziva nezvaanoita. Anofunga kuti anogona kuwana nyasha dzaMwari nebasa rake.
- Munhu uyu akafanana nemuFarisii.
 - VaFarisi vaive vatungamiri vemakereke panguva yaJesu. Vaive nehanya nekuve vakakwana zvekuti vakawedzera mimwe mitemo kumirairo gumi. Vaitarisira kuti munhu wese ateverewo mitemo yavo. Vanhu vaifunga kuti hapana aigona kuva 'mutsvene' sevaFarisi.

Mateo 23:5a

Zvese zvavanoita zvinoitirwa kuti vanhu vaone.

Mateo 23:25

Mune nhamo, vadzidzisi vomurayiro nemi vaFarisi, vanyengeri! Munosuka kunze kwomukombe nendiro, asi mukati muzere nokukara nokusazvidzora.

- VaFarise vaiva nezviito zvakanaka, asi mukati maiva nemakaro uye vanodada, vaingoda kuzviita vakanaka.
- Jesu akavatonga nezvaiva mumwoyo yavo.
- Tinogona kuedzwa kuita zvinhu zvakanaka kuti titaridzike zvakanaka pane kuzviita nekuti tinoda Mwari uye tinoda kuti vamwe vanhu vazive kunaka kwake.
- Mwari ane hanya zvikuru neukama hwedu naye.
 - Zviito zvedu zvinofanira kubva muhukama hwepedyo naye.

Mabasa akanaka asina rudo haarevi chinhu

MUNHU wechipiri

(ACHIRATIDZA KUSVOTWA) Haiwa! Zuva rakadii. Ndapererwa! Kuva chikamu chechechi kuri kutora nguva yangu ZHINJI! Vhiki yoga yoga ndinopedza nguva ndichibatsira vamwe. Hazvishamisi kuti mufundisi akandiudza kuti ndakanga ndiri chikomborero chakadaro kuchechechi! Nhasi ndaendesera chikafu kuvanhu vatatu vanga vachirwara. Svondo rapfuura, ndakaronga kuvakwa kweimba yechirikadzi... (ANOTSAMWA) Kwete kuti ndinomunzwisisa chaizvo. Akadaro hake kuti maita basa asi zvaitoita sekuti vaizvikodzera. Handidi vanhu vakadaro. Havanzwisisi zvandinovzipira kuti ndivabatsire. Ndinoreva kuti ndine mhuri yangu yekuchengeta. Asi haatendi. Vanhu vanofanira kuremekedza zvikuru kuedza kwangu. Mukadzi akapusa uyu, dai ndisina kumubatsira.

- Munhu wechipiri anoda kunzwa zvakanaka pachezvake saka anogumbuka kana chirikadzi isingaratidze rutendo rwakakwana kwaari.
- Aiita zvinhu izvi kuti vanhu vamurumbidze kwete nekuti aida zvechokwadi.

VaKorinde vekutanga 13:1–3

Kana ndikataura nendimi dzavanhu kana dzengirozi, asi ndisina rudo, ndinongova sedare rinorira kana makwakwakwa esimbi anorira. Kana ndine chipo chokuprofita uye ndichinzwisisa zvakananzika zvose noruzivo rwose, uye kana ndino kutenda kunofambisa makomo, asi ndisina rudo, handisi chinhu. Kana ndikapa zvose zvandinazvo kuvarombo, uye ndikapa muviri wangu kukutambudzika, kuti ndizvirumbidze, asi ndisina rudo, handibatsiri chinhu.

- Munhu wechipiri anoshaya rudo. Kushumira pasina rudo mumwoyo yedu hakuna kukwana! Tinofanira kuva nerudo kuitira kuti Mabasa edu eRudo ave akakodzera.

Rudo rwaMwari runoita kuti tikwanise kuda vamwe

Johani wekutanga 4:7–8

Shamwari dzinodikanwa, ngatidananei, nokuti rudo runobva kuna Mwari. Mumwe nomumwe anoda akaberekwa naMwari uye anoziva Mwari. Ani naani asingadi haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo.

- Kuna Mwari ndiko kunobva rudo. Tinofanira kutarisa kuna Mwari kuti atipe rudo rwakawanda patinenge tisinganzwi rudo. Nzira dzekukura murudo:
 - Rangarira kuti Mwari vanokuda sei.
 - Haufanire kunge uri nani pane vamwe. Wakakosha kwaari sezvauri.
 - Bata nemusoro ndima yakaita salsaya 49:15. *‘Ko amai vangakanganwa mucheche ari pachipfuva chavo, vakasanzwira tsitsi mwana wavakazvara here? Kunyange akakanganwa, ini handizokukanganwi!’*
 - Namatira munhu wauri kuomerwa kuda.
 - Rudo runokura patinonyengeterera vanhu—kunyange vaya vatisingade.
 - Kumbira Mwari kuti vakupe rudo kwavari. Ramba uchiita izvi.
 - Dzidza nezvemunhu uyu.
 - Kazhinji patinonzwisisa vanhu zviri nani, rudo rwedu kwavari runowedzera.
- Kuda mumwe munhu kunoreva kuti tinonyatsoda zvakamunakira.
 - Hazvirevi kuti unobvumirana nezviito zvavo zvese.
 - Jesu aipedza nguva aine mapfambi, vateresi nevamwe vatadzi. Aivada, aidya navo, akagoverana upenyu hwake navo, uye akavashumira.
 - Kunyange kana tisinganzwi rudo, tinogona kuedza kuratidza rudo kune mumwe munhu.

MUNHU wechitatu

Ndinogara ndichifarira (munhu wekutanga) na (munhu wechipiri). Vanoitira kereke zvinhu zvikuru. Zvinoita sekuti handifi ndakagona saivo. Nhasi ndamboedza kuita nguva ndichinamata asi papera maminitsi mashoma mwanasikana wangu abva adonha ndokuchekeka ibvi, ndabva ndamira ndokuchenesa nekumuisa bhandeji. Yakasvika nguva yekuendesha vana kuchikoro. Ndakabva ndaenda kumunda kunoshanda. Ndirimunzira kuenda kumba ndabva ndambopfuura ndichioona chirikadzi yepedyo apa. Achangobva kufirwa nomurume wake, uye ari kurwadziwa zvikuru. Ndinomunzwira tsitsi. Taita maawa mashoma tichikurukura ndichimubatsira kuwacha, uye ndanyengetera naye. Airatidza kufara, asi ndaishuva kuti dai paiva nezvakawanda zvandaigona kuita kuti ndibatsire. Kudai bedzi ndanga ndawedzera pane zvemweya, ipapo ndogona kuita zvakawanda. (Akakotamisa musoro) Baba ndiregerereiwo nenzira dzandisina kukwana. Ndinoda kurarama hupenyu hunokukudzai. Ndiratidzei nzira yekushandisa nguva yangu uye kuti ndingada sei vamwe sezvaMunoda kuti ndiite. Ndinoda rubatsiro rwenyu; Ndinoziva kuti handikwanise kuzviita ndega.

- Munhu anobvuma kukundikana kwake uye anotsamira pana Mwari kuti amubatsire kuda vamwe.
- Hatifaniri kuva vakakwana. Mwari anoda kuti timupe zvatina zvo zuva nezuva kuti akudzwe, tichiita izvi nerudo.

Mhedziso neMashandisiro

- Tinofanira kuva munyu nechiedza, kuti tigounza mbiri kuna Mwari.
- Mabasa akanaka anoitwa murudo anofanira kutanga neukama hwakanaka naMwari.
 - Pasina izvozvo tichava sevanhu vaviri vokutanga—kuita mabasa akanaka pasina rudo uye panzvimbo pachokuba vanodada kana kuti vane chigumbu— uye Mwari haazopiwi mbiri kuburikidza nemabasa edu.

Funga nezvevanhu vatatu ava—iwewe wakanyanya kufanana neupi? Kumbira Mwari kuti aongorore mwoyo wako uye akuratidze mhinduro dzemibvunzo inotevera:

- Ndinoda kuti Mwari apiwe mbiri nokurumbidzwa nokuda kwezvandinoita here? Kana kuti ndinonyanya kufunga nezvevamwe vanondirumbidza here?
- Ndiri kutsvaka Mwari nemwoyo wese here, kana kuti ndiri kungoita zvinhu zvakarurama vamwe vanhu vachiona chete? Ndinobata sei mhuri yangu pasina mumwe munhu anoziva? Ndinonyatsoda here kana kuti ndinonyanya kufarira vanhu kuti vafunge kuti ndiri mutsvene?
- Ndinokwanisa here kuda muvakidzani wangu zvechokwadi, kana kuti ndinofanira kukumbira Mwari kuti vashandure mwoyo wangu kuti ndide zvechokwadi?

Mufundisi: Itai kuti vanhu vanamate pamwechete kuti Mwari vashandure mwoyo yedu nezviito kuti tiratidze rudo rwavo kunharaunda dzedu.

Chidzidzo chechina: Kubvisa Chivi neKuvandudza Pfungwa Dzedu

Pfungwa Huru: Kuti tive munyu nechiedza munharaunda dzedu tinofanira kutora matanho ekukunda chivi.

Zvekushandisa zvaungazvisarudzira: mifananidzo inobatsira kubva mubhuku Munyu neChiedza chairo chairo muChidzidzo chechina

Ongororo yeChidzidzo chekutanga kusvikira chechitatu

Tinofanira kuva munyu nechiedza kunharaunda dzedu kuti tigounza mbiri kuna Mwari. Mabasa akanaka anofanira kutanga noukama hwakarurama naMwari, kuti tide vamwe. Pasina rudo tinogona kuita mabasa akanaka, asi hazvireve chinhu. Tichava vanodada kana kuti vane chigumbu.

Nhanganyaya

Ngatitarisei chikamu chechipiri chaMateo 5:13.

Imi muri munyu wenyika. Asi kana munyu warasa kuvava kwawo, ucharungwa nei?

Hauchabatsiri chinhu, kunze kwokuti urasirwe kunze utsikwe-tsikwe navanhu.

Nhasi tichataura pamusoro pezvinoitika kana munyu ukarasa kuvava kwawo.

Mazano Akakosha

Chivi chinoita kuti tirasikirwe nehumunyu hwedu

- Chivi chakafanana netsvina mumunyu. Zvinoita kuti tive munyu isina kuvava kwayo uye tishaye basa munharaunda yedu.
- Chivi chinhu chiri mumifungo yako, mashoko, kana zviito zvisina kururama, zvinopesana nokuda kwaMwari.

Johani wekutanga 1:8

Kana tichiti hatina chivi, tinovinyengera uye chokwadi hachisi matiri.

- Tose tiri vatadzi. Tinoramba tichitadza.
- Tose tinofanira kuziva nzira yekubvisa nayo chivi kuti tigova munyu.
- Namata: *Ishe, tipei mwoyo inoda uye kunzwisisa kuti tingakunda sei chivi chedu.*
- Pazvidzidzo zviviri zvinotevera tichadzidza matanho matatu akareruka ekukunda chivi muhupenyu hwedu.
 1. Kubvisa chivi
 2. Kuvandudza pfungwa dzedu
 3. Kutsiva zvakaipa nezvakanaka

Danho rekutanga rekukunda chivi kubvisa chivi

Ziva chivi chacho



- Kumbira Mwari kuti vakuratidze chivi chavanoda kuti ushande pakushandura. (Chingava chimwe chinhu chatinoita kana chimwe chinhu chatinotadza kuita.)

Mapisarema 139: 23–24

Ndinzverei, Mwari, muzive moyo wangu; ndiidzei muzive ndangariro dzangu.

Mutarire kana mandiri muine nzira yakaipa, Mundifambise munzira isingaperi.



Reurura chivi uregererwe

Johani wekutanga 1:9

Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama uye achatikanganwira zvivi zvedu nokutinatsa pakusarurama kwose.

- Hapana chitadzo chakaipisira zvokuti Mwari haangakanganwiri! Akatendeka kutiregerera zvivi zvedu ZVOSE.
- Reurura kune vamwe. Kana takatadzira mumwe munhu, ukama hunenge hwakuvadzwa kana kuti hwakaputswa nechivi chedu. Zvakakosha kuti tireurure nekutsvaga ruregerero rwavo kuti hukama ihwohwo hudzorerwe zvakare.



Tendeuka

- Kutendeuka zvinoreva kuzvipira kubva pachivi uye kuenda mukuda kwaMwari. Zvakafanira kutendeuka kuti usadzokorore zvitadzo.

Jobho 31:1

Ndakaita sungano nameso angu kuti ndirege kutarira musikana noruchiva.

- Jobho akatendeuka. Mwari akadana Jobho kuti ‘akanga asina chaangapomerwa uye akarurama’ (Jobho 1:8), asi Jobho akanga achiri kufanira kuzvipira kusachiva. Mwari anokudza avo vanoda kukunda zvivi zvavo.

Danho rechipiri rekukunda chivi nderekuvandudza pfungwa dzedu



Namata mazuva ose

- Hatingagoni kukunda chivi nekuedza kwedu tega.

VaRoma 7:19–20

Handiiti zvakanaka zvandinoda kuita, asi zvakaipa zvandisingadi kuita, ndizvo zvandinoramba ndichiita. Zvino kana ndichiita zvandisingadi kuita, handisisiri ini ndinozviita, asi chivi chinogara mandiri ndicho chinozviita.

- Tinoda rubatsiro rwaMwari kuti tibvise chivi mumwoyo yedu. Kunamata kunotiyeuchidza kutsamira kwedu pana Mwari uye nezvitsidzo zvedu kwaAri. Mwari achatibatsira.

Mateo 26:41

Rindai uye munyengetere kuti murege kuwira mukuedzwa.



Dzora kufunga kwako

- Zvitadzo zvizhinji zvinoitwa kaviri—kecutanga mupfungwa uye kechipiri mukuita. Tinofanira kudzora mirangariro yedu kuti tidzivise chitadzo chekufunga kuti chive chitadzo chekuita.

VaRoma 12:2

Musazvienzanisa namaitiro enyika ino, asi mushandurwe nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu. Ipapo uchakwanisa kuedza uye kubvuma chiri kuda kwaMwari—kuda Kwake kwakanaka, kunofadza, uye kwakakwana.

VaKorinde vechipiri 10:5b

...tinotapa mifungo yose kuti iteerere Kristu.

VaFiriipi 4:8

Pakupedzisira, hama, zvinhu zvose zvechokwadi, zvose zvinokudzwa, zvose zvakarurama, zvose zvachena, zvose zvinodikamwa, zvose zvinorumbidzwa, kana chinhu chakaisvonaka kana chinorumbidzwa, fungai pamusoro pezvinhu zvakadai.

- Reurura pfungwa dzezvivi kuna Kristu. Sarudza pfungwa itsva.
 - Muenzaniso wepfungwa wechivi: ‘Mhuri yangu haitendi zvose zvandinovaitira.’ Reurura hudyire wobva wanyengetera kuti, ‘Mwari, ndinosarudza kukushandirai uye kukudzwa Kwenyu. Ndibatsirei kuti ndisatarisira kutenda kubva kumhuri yangu, asi kuti ndikufadzei nebaso rangu nemafungiro.’
 - Dzokorora kakawanda pese pfungwa dzechivi padzinomuka.



Ziva magwaro nemusoro

Mapisarema 119:11

Shoko renyu ndakariviga mumwoyo mangu, kuti ndirege kukutadzirai.

- Jesu akashandisa magwaro kuti akunde miedzo yaSatani. Kana usingazivi magwaro anobatsira, bvunza mufundisi kana imwe shamwari.
- Kubata magwaro nomusoro kunotibatsira kudzora kufunga kwedu uye kuchengeta chokwadi mupfungwa dzedu.

Mhedziso neMashandisiro

- Tese tine zvitadzo mumwoyo yedu, setsvina iri mumunyu. Hapana mumwe wedu asina chaangapomerwa uye akachena. Zvivi zvedu zvinobvisa kuvavira kwedu.
- Mwari anoda kutiregerera zvivi zvedu uye kutibatsira kuti tizvivise muupenyu hwedu. Izvi zvinoita kuti tive munyu zvakare uye zvinotibvumira kuti tinyatsoita mabasa erudo munharaunda dzedu.
- Kutikunde chivi tinofanira kubvisa chivi (kuziva chivi chacho, kureurura uye kukanganwirwa, uye kutendeuka) tobva tavandudza pfungwa dzedu (namata, kudzora kufunga kwako, uye yeuka rugwaro). Izvi zvinoda kushanda nesimba uye nguva, asi kurudzirwa. Jesu akatokunda chivi nerufu! Simba rake rinogona kukunda chivi muhupenyu hwedu zvakare.

Chimbotora miniti uchibvunza Mwari kana pane chivi muhupenyu hwako chavanoda kuti ukunde. Mukumbire kuti akuregerere, wotendeuka wosarudza vhesi raunogona kubata nemusoro kana waedzwa nechivi ichocho.

Ngatinamatei: Mwari, tibatsirei kubvisa zvitadzo zvaMunozivisa kwatiri. Shoko renyu nehupenyu ngazvivandudze pfungwa dzedu kuti tigozadzwa nechokwadi nerudo rwenyu.

Chidzidzo chechishanu: Kutsiva Zvakaipa neZvakanaka

Pfungwa Huru: Kutsiva tsika dzakaipa nemaitiro akanaka kwakakosha kuti tikunde chivi muhupenyu hwedu.

Zvekushandisa Zvaungasarudza: Mifananidzo inobatsira yaungasarudza kubva mubhuku Munyu neChiedza chairu chairu, Chidzidzo chechishanu

Ongororo yeChidzidzo chekutanga kusvikira chechina

- Tinofanira kuva munyu nechiedza kunharaunda dzedu kuti tigounza mbiri kuna Mwari.
- Pasina rudo tinogona kuita mabasa akanaka, asi hazvireve chinhu.
- Tese tine zvitadzo mumwoyo yedu. Tinofanira kukunda chivi nekuchibvisa uye nekuvandudza pfungwa dzedu.

Nhanganyaya

Pane chimwe chinhu chatinofanira kuita kuti tikunde chivi.

NYAYA

Pane imwe nguva mumwe murume akanga achivaka imba zvishoma panguva. Paiva nedambudziko rimwe chete: akanga asingagari pedyo. Dzimwe nguva aiuya pamba achiwana mbudzi nehuku dzemuvakidzani zviri mukati memba. Murume akapedza madziro ndokuvhara mukova kuti mhuka dzisapinda. Gare gare, akawana mhuri yemakonzu yakugara mukona. Akabvisa makonzu mumba ndokupedza denga. Paakazouya kumba kuzoshanda akawana muvakidzani akushandisa imba yacho kutengesa doro remumusha kuvarume vemumusha. Nehasha, akarayira mukadzi wacho kutamisa bhizinesi rake. Akawedzera kukiya gonhi.

Murume wacho akaona kuti chero imba yake yakasara isina chinhu, pane chaizozadza. Kana akasasarudza chaizozadza imba yake, yaizozadzwa netwupukanana tusingadiwi uye vanhu vakanga vasina chavanoitira. Akakoka mumwe murume nomudzimai vaive vakanyarara vanogona kuchengetakuti vagare pamba kusvikira mhuri yake yakwanisa kutamiramo.

- Mwoyo yedu nepfungwa dzedu dzakafanana neimba yemurume uyu.
- Hatigoni kungobvisa zvivi zvedu. Tinofanira kutsiva tsika dzedu dzakaipa nemaitiro akanaka.

Mazano Akakosha

Danho rekupedzisira mukukunda chivi kutsiva tsika dzakaipa nemaitiro akanaka



Tizai pakuedzwa

- Dzivisa muedzo.
 - Kukunda chivi kwakafanana nehondo. KUTI ukunde muhondo, unofanira kuziva muvengi wako uye unofanira kuziva utera hwako.
- Ramba kuedzwa uye vimba naMwari. Mwari anovimbisa kuti achakubatsira kukunda muedzo.

Jakobho 4:7

Naizvozvo zviisei pasi paMwari. Dzivisai dhiabhorosi agokutizai.

VaKorinde vekutanga 10:13


Hakuna muedzo wakakubatai kunze kwewakajairika kuvanhu vose. Uye Mwari akatendeka; Haangakuregei muchiedzwa kupfuura zvamunogona kutsungirira. Asi kana muchiedzwa, iye achakupaiwo nzira yokubuda nayo kuti mugone kutsunga.

Dzidzira maitiro matsva



- Panzvimbo yetsika dzechivi, tanga tsika itsva.
 - Kana ndikatendeuka pakutsamwa kana kudya kwamanheru kukanonotswa, ndinogona kuita tsika yokubvunza mudzimai wangu kuti ndingabetsere sei kuita kuti basa riitwe.
 - Kana ndakasarudza kurega kusangana neshamwari pabhawa manheru oga oga, ndinogona kuva netsika yokupedza nguva iyoyo nevana vangu.
 - Kana ndiine chinetso chokunyunyuta kana kuti kugumbuka, ndinogona kutanga muitiro manheru oga oga wokududza zvinhu zvitatu zvandinonyanya kutenda nokuda kwezuya racho iroro.

Zvidavirire



- Kukunda chivi kwakaoma. Tinoda rubatsiro.

Muparidzi 4:9–10

Vaviri vari nani pano mumwe chete, nokuti vane zvibereko zvakanaka pabasa ravo. Kana mumwe wavo akawira pasi, mumwe anogona kusimudza mumwe. Asi nzwirai tsitsi ani naani anowira pasi uye asina anomusimudza.

- Tsvaga mumwe munhu achakubvunza kuti uri kuita sei nemuedzo wako uye akukurudzire nekukusimbisa iwe paunoita sarudzo dzakanaka panyaya iyoyo.
- Sarudza vatendi vanoda kugoverana newe pamusoro pematambudziko avo.
- Sezvatinokudziridza tsika dzakanaka, zvichava nyore kukunda chivi panguva inotevera. Pese patinoita sarudzo yakanaka, zvinova nyore.

Dzidzira kuita matanho ekukunda chivi

Ngatiendei nemumuenzaniso wekuti tingakunda sei chivi chekunyunyuta.

- Chekutanga, bvisa chivi chacho.
 - Ziva chivi chacho. 'Ndiri kunyunyuta nebasa rangu. Ini handifanire kuita izvi'.
 - Reurura uye kumbira ruregerero. 'Ishe, ndinoreurura kuti ndinonyunyuta pamusoro pokushanda nesimba. Ndapota ndiregerereiwo'.
 - Tendeuka. 'Panzvimbo pekunyunyuta, ndichaedza kutaura zvakanaka uye ndotenda'.
- Zvadarwo, tovandudza pfungwa dzedu.
 - Namata zuva nezuya. 'Ndinoda kubatsirwa nhasi kuti ndisanyunyute. Ndapota ndibatsireiwo kuti nditende uye ndishande ndichifara'.
 - Todzora kufunga kwedu. 'Pandinonyunyuta, ndinenge ndichingofunga nezvangu chete. Pane kudaro, ndinoda kufunga kuti basa rangu rinogona sei kukudza Mwari. Ndinoda kufunga nezvake pachinzvimbo changu'.
 - Bata rugwaro nemusoro. VaFiripi 2:14 inoti, *'Itai zvinhu zvose musinganyunyuti kana kukakavara.*
- Pakupedzisira, tsiva maitiro akaipa nemaitiro akanaka.
 - Tiza muedzo. 'Ndinogara ndichinyunyuta kana ndina _____. Ini ndoda kusapedza nguva naye kana kumuudza kuti handichadi kunyunyuta.'
 - Dzidzira maitiro matsva. 'Pandinoedzwa kunyunyuta, ndichafunga zvinhu zvitatu zvandinotenda pamusoro pazvo'.
 - Zvidavirire. 'Ndichaudza ____ nezve chido changu chekukunda kunyunyuta. Ndichamukumbira kuti andibatsire pakuzvidavirira. Ndichatsvakawo kubatsira _____ kukunda zvitadzo kana achizondibvumira kuti ndimubatsire kuzvidavirira pachezvake'.

Mhedziso

- Tinofanira kuva munyu nechiedza kunharaunda dzedu kuti tigounza kukudzwa kuna Mwari.
- Pasina rudo tinogona kuita mabasa akanaka, asi hazvireve chinhu.
- Tese tine zvitadzo mumwoyo yedu izvo zvinoita kuti tisava nemunyu. Tinofanira kukunda chivi nekuchibvisa, kuvandudza pfungwa dzedu, uye nekutsiva tsika dzakaipa nemaitiro akanaka.

DZAMISA PFUNGWA

Namata uchikumbira Mwari kuti vakuratidze chivi chavanoda kuti ukunde. Tora nguva shoma yekumuteerera chinyararire kuti Iye aunze chimwe chinhu mupfungwa dzako. Zvino mukumbire kuti akubatsire kutevera matanho ekukunda. Ita hurongwa.

Chidzidzo chechitanhatu: Kuva Kereke yeMunyu neChiedza

Pfungwa Huru: Shanduko inouya kuburikidza nekugara, kuteerera kwakatendeka muzvikamu zvese dzehupenyu.

Ongororo yeChikamu chekutanga kusvikira chechishanu

- Tinofanira kuva munyu nechiedza kunharaunda dzedu kuti tigounza mbiri kuna Mwari.
- Pasina rudo tinogona kuita mabasa akanaka, asi hazvireve chinhu.
- Tese tine zvitadzo mumwoyo yedu. Tinokunda chivi nekuchibvisa nekuvandudza pfungwa dzedu, uye nekutsiva tsika dzakaipa nemaitiro akanaka.

Nhanganyaya

- Tomboti mumwe munhu aenda musango kunotora huni. Anorasika murima, otsvaka nzira yokudzokera kumusha. Anoona kupenya kwemoto nechekure achibva ananga kwauri, asi achifamba akananga ikoko obva atanga kusaona moto uya zvekare. Anodzungaira, achienda kure kure nemusha, kusvikira arasika zvachose kusvikira mangwanani.
- Dai akaona chiedza chemoto chichiramba chiripo angadai akaziva kwekuenda. Hupenyu hwake hungadai hwakaponeswa.
- Sekereke yemunyu nechiedza, mabasa edu akanaka anovhenekera chiedza cherudo rwaMwari. Tinofanira kuchengeta chiedza ichi chichipenya!

Mazano Akakosha

Mwari vanotidana kuti tive vakatendeka muhupenyu hwedu hwese

Chechi yeTesaronika yakava muenzaniso kune mamwe makereke.

VaTesaronika vekutanga 3:11-13; 4:1, 9-10

Zvino Mwari wedu naBaba pachavo nalshe wedu Jesu ngavatizarurire nzira kuti tiuye kwamuri. Ishe ngaakurise rudo rwenyu uye rupfachukire kuno mumwe nomumwe uye nokune vamwe vose, sezvinoita rwedu kwamuri. Ngaasimbise mwoyo yenyu kuti muve vasina chavanopomerwa uye vatsvene pamberi paMwari wedu uye Baba vedu, kana Ishe wedu Jesu auya navatsvene vake vose.... Pamusoro pezvimwe zvinhu, hama, takakurayirai kuti munofanira kurarama sei kuti mufadze Mwari, sezvamuri kurarama. Zvino tinokukumbirai uye tinokukurudzirai muna Ishe Jesu kuti murambe muchiwedzera.... Zvino nezvorudo rwenyu pakati penyu hatifaniri hedu kukunyorera, nokuti imi pachenyu makadzidziswa naMwari kuti mudanane.

Uye munoda mhuri yose yaMwari muMasedhonia yose. Asi tinokukurudzirai, hama, kuti muwedzere...

- Pauro anorumbidza vatendi nokuda kwaMabasa avo eRudo.
- Anovanyengerera uye anovakurudzira kuti vawedzere rudo rwavo.

VaKorinde vechipiri 8:1-5

Uye zvino, hama, tinoda kuti muzive pamusoro penyasha dzakapiwa naMwari kukereke dzeMasedhonia. Mukati memuedzo wakaoma zvikuru, mufaro wavo mukuru nourombo hwavo hukuru zvakawedzera mukupanana kwakanyanya. Nokuti ndinopupura kuti vakapa napavaigona napo, uye kunyange kutopfuura pavaigona napo. Pachezvavo, vakakumbira nokukurumidza kwatiri nokuda kweropafadzo yokugoverana mubasa iri rekushumira vanhu vaShe. Uye vakapfuura zvataitarisira: vakatanga kuzvipa kuna Ishe, uyezve nechido chaMwari, kwatiriwo.

- Pauro anotaura kuti vaTesaronika (Tesaronika yaiva muMasedhonia) vaiva nechido chokupa nokuti vakanga vachipa kuna Mwari nokuna vamwe.

Dheteronomio 5:32-33

Naizvozvo chenjerai kuti muite sezvamakarairwa naJehovha Mwari wenyu; usatsaukira kurudyi kana kuruboshwe. Mufambe muchiteerera zvose zvamakarayirwa naJehovha Mwari wenyu, kuitira kuti mugorarama uye mugobudirira uye kuti mazuva enyu ave mazhinji munyika yamuchagara nhaka.

- ‘Kufamba’ mukuteerera kunoreva kuti hatifaniri kumira. Isu takagadzirirwa kutevera nekuteerera Mwari hupenyu hwedu hwese, kwete pazvinenge zvakatinakira chete.

Mwari anotidaidza kuti tive vakatendeka mune zvese zvehupenyu

Ruka 2:52

Jesu akakura panjere nepachimiro, nepakudiwa naMwari nevanhu.

- Jesu akakura mupfungwa (njere), panyama (chimiro), pamweya (kudiwa naMwari), uye mumagariro evanhu (kudiwa nevanhu).
- Pane chimwe nechimwe chezvikanu izvi, vanhu vane zvinodikanwa zvakasiyana.
 - Uchenjeri – dzidzo, hunyanzvi hwekudzidza sekurapa hurwere kana kubata mari.
 - Panyama – hutano, dzimba dzakagadzikana, kuchengetedzwa kwechikafu, mvura yakachena.
 - Zvemweya – ruponeso, kukura pedyo naMwari.
 - Zvemagariro – hukama hwewanano nevabereki, hukama hwenharaunda.
- Zvikamu zvina izvi zvinogadzira muenzaniso wekuti mhuri dzedu, nharaunda dzedu, uye isu pachedu tinofanira kukura sei.
- Kuona shanduko, Mabasa edu eRudo anofanira kubatsira zvinodikanwa zvemuzvikamu zvina izvi.

- Kereke yedu yakatoshumira mune zvimwe zvezvikamu izvi. Taka _____ (*nyora rimwe Basa reRudo rakaitwa nekereke*). Asi pane zvimwe zvinodiwa munharaunda yedu, se _____. Ndeapi Mabasa eRudo atingaite kuti tigadzirise zvinodikanwa? (*Ipai mamwe mazano. Kurudzirai nhengo dzekereke yenyu kuti vataurirane nezvedzimwe pfungwa zvakare.*)

Shanduko inouya kuburikidza nekuteerera kwakatendeka nguva dzose mumativi ose oupenyu

Teerera kune nyaya iyi yechokwadi yekereke yakashandisa zvidzidzo zveTCT zvatanga tichidzidza.

Wakaiswa kure mumakomo uye uri nyore kwazvo. Vanhu vemumusha uyu vaigadzira waini yemupunga nekurima nekuputa fodya. Vaisawanzoshanda, asi vaiwanzodhakwa newaini yemupunga yavaigadzira. Utsanana mumusha hwakanga hwakaipa zvikuru; vaigeza kamwe chete pamwedzi, vaisawanzogeza maoko avo, uye vakanga vasina zvimbudzi. Zvipfeko zvavo zvakanga zvakasakara, uye vana vaipfeka zvishomanene zvikuru.

Vanhu vomumusha wacho vaiva varombo. Pakanga pasina mugwagwa pakati pavo nomugwagwa mukuru—paingova nenzira yokufamba nayo. Nekuda kweizvi, vanhu vaingokwanisa kutengesa goho ravo rakawanda zvichienderana nezvavaigona kutakura kumusana. Sezvo vaisagona kutengesa zvakanwanda, vakashaya simba rekurima zvirimwa zvakanwanda muminda yavo.

Vanhu vomumusha uyu vaiva vaKristu, asi vakanga vasina kudzidza zvakanwanda nezvaMwari. Vakanga vasina mutungamiriri wechechi, uye hakuna vafundisi vaizoenda kunzvimbo yacho nokuti migwagwa yakanga isingafambiki. Kuti uvashanyire waifanira kusiya mudhudhudhu wako mumugwagwa mukuru uye kufamba kwemaawa matatu, uchitarisira kuti paunodzoka mudhudhudhu unenge uchiripo uye unenge usina kubiwa! Vakanga vasina nzvimbo yokusanganira, uye vakanga vasingakuri mumweya.

Kereke yakanzwa nezvechirongwa cheTCT uye yakakumbira mutungamiri weTCT munharaunda yavo kuti avasanganise mukudzidziswa. Kwenguva refu hapana kana mumwechete wevarairidzi aida kuenda—rwakanga ruri rwendo rurefu uye rwakaoma. Uye mushure mekunge vafamba kuenda kumusha iwoyu, hutsanana hwakanga hwakashata zvokuti vakatya kuti vaizorwara. Zvisinei, Mwari akataura nomumwe wevarairidzi, uye pakupedzisira akabvuma kuenda.

Kereke yakatanga kudzidza chirongwa cheTCT. Chimwe chezvirongwa zvekutanga izvo Mwari akavadenha kuti vaite chaiva chokukudza nzira yokufamba nayo kubva kumusha kwavo kuenda kumugwagwa mukuru—chinhambwe chemakiromita gumi nomumakomo. Vakateerera Mwari uye vakakudza mugwagwa vachishandisa maturusi emaoko. Rakanga riri basa rakaoma zvikuru, asi Mwari akavakomborera. Mugwagwa muhombe waireva kuti

vaigona kutengesa zvakawanda—vakanga vasingachafaniri kutakura zvirimwa zvavo kumusana. Vakakwanisawo kuendesa mbesa kumusika dzichiri nyoro. Nekuda kwemugwagwa uyu mitengo yezvirimwa yakakwira. Nemhaka yokuti zvino vaigona kuwana purofiti yakanaka, vakasundwa kushanda nesimba kunwa doro kwakaita kushoma. Vanhu vakatanga kushanda zvakananyanya muminda yavo, vachikura uye vachitengesa zvapaketwa kagumi kupfuura zvavaisimboita!

Nemhaka yekuti kereke yakashandisa zvidzidzo zvehutano ndokuzvidzidzisa kunharaunda, munhu wese zvino anoziva nzira yokurapa nayo zvirwere zvakajairika, uye munhu wose ane chimbudzi, uye bindu remuriwo. Kereke yakatangawo chirongwa chekudzidzisa vanhu kuverenga nekunyora. Ichiona chido chavo chokudzidza, hurumende yakavapa chikoro. Mwari vakavaropafadza nemagetsi zvisinei nekuti misha mizhinji pakati pavo nevanopa magetsi havasati vave nemagetsi.

Musha uyu muenzaniso kune vakawanda kwazvo vakavapoterredza wenzira iyo Mwari anounza zvikomborero apo vanhu vake vanoteerera nokutendeka murairo wake wokuda vamwe. Pavakabvunzwa mushure memakore matatu kuti mangani Mabasa eRudo avakange vaita, akapfuura zvavaigona kuverenga. Kunyangwe pavakabvunzwa kuti mangani avakange vaita mumwedzi mitatu yapfuura, zvanga zvakananyisa kuwanda kuti vazvinyore pasi. Pane kudaro vakatsanangura kuti vanoita rimwechete kana maviri Mabasa eRudo pavhiki uye ikozvino chatove chikamu chemaramiro avo. Kana vakaona chimwe chinhu chinoda kuitwa, vanoenda kunochiita!

- Kereke imwe chete iyi, ine ruzivo rushoma pamusoro paMwari, yakaita zvavakaraidzwa naMwari kuti vaite. Vakaramba vachizviita, kwete kamwe chete, asi nguva dzose uye nokutendeka.
- Kuburikidza neMabasa eRudo avo mazhinji, Mwari akaropafadza musha nezvose zvavaida.
- Kereke iyi inogona kushanda sekurudziro kukereke yedu. Tinogonawo kuita Mabasa mazhinji eRudo, tichishumira muzvikamu zvese zvehupenyu. Tinogona kugara tichishandisa zvati kutidzidza. Tinogona kuita zvatinatoraidzwa naMwari kuti tiite.
- *Mufundisi: Koka nhengo dzechechi kumisangano yenguva dzose kuronga Mabasa eRudo. Vakumbire kuti vauye kumusangano wekutanga nemazano ezvinodikanwa muzvikamu zvese zvamakataura nezvazvo.*

Makereke akaona shanduko inoshamisa munharaunda dzawo makereke akazvipira kuita marudzi ese eMabasa eRudo nguva dzose, semwedzi wega wega kana mavhiki maviri ega ega.

Mhedziso neMashandisiro

Isu tinofanirwa kuve kereke yemunyu nechiedza, tichipenyesa chiedza chaMwari nekutendeka nekugara tichiita Mabasa eRudo anogadzirisa zvinodiwa muzvikamu zvese zvehupenyu. Kana tikaita izvi, nharaunda yedu inorumbidza Mwari uye inoshandurwa.

Mufundisi: Tora nguva yekutenda Mwari nekubata kweMabasa eRudo kusvika parizvino, sarudza dzimwe nziyo dzekunamata kana chero dzakakodzera kupemberera muchechi mako.

Chidzidzo chechinomwe: Mutezo weMuviri

Pfungwa Huru: Tinofanira kutsvaga nzira dzekushandisa zvipo zvedu kushumira uye kukurudzirana kuti tishumire.

Ongororo yechidzidzo chekutanga kusvika chechinomwe

- Tinorairwa kuti tive munyu nechiedza kunharaunda dzedu kuti tigounza mbiri kuna Mwari.
- Pasina rudo, mabasa akanaka haareve chinhu.
- Tinokunda chivi nekuchibvisa, kuvandudza pfungwa dzedu, uye nekutsiva tsika dzakaipa nemaitiro akanaka.
- Mabasa eRudo anofanira kuitwa nguva dzose- Mabasa eRudo akasiyana-siyana anoona nezvikamu zvakasiyana zvekukura, uye zvichibva pamunamato.
- Nesimba raMwari, kereke yemunyu nechiedza inogona kushandura nharaunda yavo.

Nhanganyaya

- Funga nezvenguva apo chikamu chemuviri wako chaive chisiri kushanda nemazvo (muenzaniso: kurwadziwa mumabvi, maziso asina simba, nyaya dzekugayiwa kwechikafu mudumbu)
 - Zvinobata muviri wese! Zvakaoma kuita basa, zvakaoma kunakidzwa nohupenyu.

Mazano Akakosha

Yeuchidzo yezvikonzero uye mhaka yei tichifanira kushumira

- Mwari akatuma Jesu kuti azofa kuti ayananise hukama hutatu hwakaputsika pakatadza Adhamu—vanhu naMwari, nomumwe nomumwe, uye nezvisikwa(creation). Isu takadaidzwa kuti tiunze kuporeswa kuhukama hwese hutatu uhwu.
- Vanhu vanokosha kuna Mwari—zvokuti Akatuma Mwanakomana Wake kuti azovafira. Tinofanirawo kuva nehanya nevanhu.
- Mwari akati akanga asingapinduri minamato yekereke nokuti vakanga vatadza kuchengeta chirikadzi nenherera (Isaya 58).
- Jesu kana kuti Pauro pavakapfupisa Testamente Yekare, katatu vakaita kudaro nedzidziso yokuti tinofanira kuda Mwari uye kuda muvakidzani wedu, uye katatu vakangoti tide muvakidzani wedu—nokuti ndiwo maratidziro atinoita rudo kuna Mwari.

- Mumufananidzo womuSamaria Akanaka, muSamaria Akanaka akabata zvakanaka murume akanga arohwa uye akamupa zvaidikanwa; haana kumuparidzira mharidzo.
- Mukudzidzisa kwemakwai nembudzi, Jesu akadzidzisa kuti tinofanira kupa zvokudya kune vane nzara, zvokunwa kune vane nyota, kushanyira vanorwara kana kuti vari mujeri, uye kupfekedza vasina kupfeka. Patinozviita kune mumwe munhu, zvinoita sekunge tiri kuzviitira Kristu.
- Takadanwa kuvaka humambo hwaMwari. Izvi zvinoreva kuti tinoda kuti vanhu vazhinji vave maKristu uye tinoda kuti maKristu awedzere kuteerera Mwari muzvikamu zvese zvehupenyu hwavo.
- Mwari akavimbisa kuti, kana tikamuteerera, achatikomborera. Akatipa nhungamiro dzokutevera dzichatibatsira kuvandudza upenyu hwedu. Tinofanira kuteerera kwaari.

Tose tinofanira kutsvaga nzira dzekushandisa zvipo zvedu kushumira

VaKorinde vekutanga 12:12-20

Sezvo muviri uine mitezo mizhinji asi mitezo mizhinji inoumba muviri mumwe chete, ndozvazvakaitawo naKristu. Nokuti tose takabhabhatidzwa noMweya mumwe kuti tive muviri mumwe, vangava vaJudha kana vaGiriki, varanda kana vakasununguka, uye tose takapiwa kuti tinwe Mweya mumwe.

Saizvozvowo muviri hauzi mutezo mumwe chete asi mizhinji. Zvino kana rutsoka rukati, 'Nemhaka yokuti handisi ruoko, handisi womuviri,' harungaregi kuva chikamu chomuviri nokuda kwechikonzero ichocho. Uye kana nzeve ikati, 'Nemhaka yokuti handisi ziso, handisi womuviri,' haingaregi kuva chikamu chomuviri nokuda kwechikonzero ichocho. Dai muviri wose waiva ziso, kunzwa kungadai kuri kupi? Dai muviri wose waiva nzeve, kunhuhwidza kungadai kuri kupi? Asi chaizvoizvo Mwari akaisa mitezo pamuviri, mumwe nomumwe wayo, sezvaakada kuti ive. Dai yose yaiva mutezo umwe, muviri ungadai uri kupi? Sezvazviri, kune mitezo mizhinji, asi muviri mumwe.

- TOSE tiri nhengo dzemuviri waKristu.
- Kutu muviri ushande zvakanaka, nhengo yese yekereke inofanirwa kunge ichiita basa rayo.

VaEfeso 4: 16

Kubva kwaari muviri wose... unokura nokuzvivaka murudo sezvo mutezo mumwe nomumwe uchiita basa rawo.

- Muviri unokura zvakanaka kana nhengo yese ikaita basa rayo.
- Chechi inokura zvakanaka kana tose tikashandisa zvipo zvedu.

VaRoma 12:4-8

Nokuti sezvatine muviri mumwe une mitezo mizhinji, uye mitezo iyi yose haina basa rimwe chete, saizvozvowo muna Kristu isu, kunyange tiri vazhinji, tinoumba muviri mumwe chete, uye mutezo mumwe nomumwe wavamwe. Tine zvipo zvakasiyana, maererano nenyasha dzakapiwa kwatiri. Kana chipo

chako chiri kuporofita, porofita zvinoenderana nekutenda kwako; kana kuri kushumira, shumira; kana kuri kudzidzisa, ngaadzidzise; kana kuri kukurudzira, ngaakurudzire; kana kuri kupa, ipai zvikuru; kana kuri kutungamira, itai nesimba; kana kuri kuva netsitsi, itai nemufaro.

- Mumwe nemumwe wedu anopiwa zvipo. Unyanzvi hupi kana zvipo zvaunazvo?
- Tinofanira kushandisa zvipo zvedu kuti Mwari akudzwe.
- Ipa mienzaniso yemikana yekushumira, kusanganisira Mabasa eRudo (nzira dziri kushandiswa nevanhu kushumira vanhu iye zvino uye chikamu icho kereke ichiri kuda rubatsiro).

Tinofanira kukurudzira vamwe kuti vashumire

VaHebheru 10:24

Uye ngatirangirirane kuti tingakurudzirana sei kuti tive norudo nemabasa akanaka...

- Batsira vanhu kuona kuti zvipo zvavo ndezvipi uye kuti vangazvishandisa sei.
- Koka vanhu kuti vashumire newe.
 - Vanhu vakawanda havambozvipiri kutozosvikira mumwe munhu avakoka ivo pachavo. Vanogona kunzwa kubva kumberi kwekereke kuti chii chiri kuitika, asi vanongofungidzira kuti vamwe vanhu mukereke vachazviita.
- Shandai pamwe chete.
 - Zvinopa kuzvidavirira.
 - Zvinovaka hukama uye kubatana.
 - Zvinonyanya kunakidza.
- Cherechedzai nekutenda vanhu
 - VaRoma 16 - rondedzero refu yemazita nezvinhu zvakanga zvaitwa nevanhu ivavo.
 - Pauro akaziva kushanda nesimba kwavo uye akabatanidza mazita avo!
 - Kutenda vanhu kunoita kuti vanzwe vachikosheswa.

Patinoshumira vamwe, tinenge tichishumira Jesu

- Fungidzira kuti chii chaizoitika kudai Jesu aizouya kumusha kwedu. Munhu wese angada kumuitira chimwe chinhu. Kana mumwe munhu akati muKristu, obva atadza kuita chinhu, ungafungei?

Mateo 25:40

'Zvirokwasvo ndinoti kwamuri, zvose zvamakaitira mumwe wavaduku vehama dzangu idzi, makazviitira ini.'

- Kana tichishumira varombo, TIRI kumushumira!
 - Zvinoshandura mafungiro atinoita nezvekushumira.
 - Kunyangwe tikasacherechedzwa kana kutendwa, ibasa rakakosha.
 - Iropafadzo uye mufaro kumushumira.

Mhedziso neMashandisiro

- Tese tiri nhengo dzemuviri uye tinofanira kushandisa zvipo zvedu kushumira.
- Tinofanira kukurudzirana kuti tishumire mumwe nemumwe uye kuti tishumire pamwe chete.
- Patinoshumira vamwe tinenge tichishumira Jesu.
- Funga nezvenzira yaungashandise zvipo zvako kushumira uye nzira yaungakurudzira nayo mumwe munhu kushandisa zvipo zvake

Mufundisi: koka vanhu kumusangano wekuronga Mabasa eRudo unotevera uye vaudze kuti uchaitwa rinhi (ona Gwaro reHurongwa hweVafundisi).

Gwaro reHurongwa hwemafundisi: Kubva paMunyu neChiedza Chidzidzo chechinomwe kusvika chechipfumbamwe

Nzira dzekuita Dzidzo inoenderera Mberi

Rumwe rudzi rweChiito cheRudo 'idzidzo inopfuurira mberi.' Muitiro uyu unoparadzira ruzivo rwedu kune avo vakatipoteredza kuitira kuti vanhu vakawanda varame sezvinoda Mwari. Hedzino nzira iwe semufundisi dzaunogona kuita dzidzo inoenderera mberi.

- **Dzidzisa hunyanzvi** – Pamusoro pekuunza dzidziso yemweya nekukurudzira kereke, panogona kuve nemikana yekuti iwe udzidzise hunyanzvi hwakait sekusimbisa wanano kana kurera vana. Izvi zvinogona kuitwa panguva yemharidzo kana muchikamu chakasiyana mushure memharidzo. Sarudza unyanzvi hwaunoda kudzidzisa, uye kuti uchahudzidzisa riinhi, uye taura izvi neungano yako.
- **Kurudzira kudzidza seboka diki** – Mapoka madiki inzvimbo yakanaka yekuti nhengo dzechechi dziongorore zvidzidzo zvauri kudzidzisa kana kupfuudza zvidzidzo kune vamwe vangave vasina kuzvinzwa. Kurudzira mapoka ako madiki kuti aongorore zvidzidzo zveTCT mushure mekunge waadzidzisa. Munhu wese kubva kumapoka evakadzi kusvika kumapoka evechidiki anogona kubatsirwa kubva pane izvi.
- **Makirasi Akarongeka enhengo dzese dzeNharaunda** – Unogona kugadzirisa zvidzidzo zviri muHutano, Wanano neMhuri, uye Bhuku Rekushandisa Mari kuitira kuti dzidzidziswe mushure meungano yekereke kana mukati mevhiki. Izvi zvinobvumira maKristu nevasiri maKristu kudzidza pamwechete, kuvaka hukama uye kuvhura mikova yekudyidzana kwakawanda.
- **Mikana Yekudzidzisa Isina Kurongwa** – Izvi ndezvenhengo dzese dzekereke. Nzira yakanaka yekukurudzira kudzidzisa kusina kurongwa ndeyekudzidzisazve chidzidzo chimwe vhiki imwe neimwe kukereke kuitira kuti vanhu vagochirangarira uye vagokwanisa kuchidzidzisa kune avo vavanosangana navo mukati mevhiki.

MASHANDISIRO

Tora miniti kana maviri kubvunza Mwari kuti ndechipi chezvinhu izvi chavanoda kuti utarise pachiri. Teerera chinyararire kuti Mweya Mutsvene vakuratidze chokwadi uye vakupe mazano.

Matanho Ekuronga Mabasa eRudo eNguva nenguva

- **Sanganai nguva nenguva**

- Kereke inofanirwa kunge ichisangana nguva nenguva kuti itarise nezveMabasa eRudo kuti vanhu vasangobatikana nekukanganwa nezvawo. Usati wadzidzisa chidzidzo chechinomwe, sangana nevatungamiriri vekereke uye mosarudza kuti moita misangano yekuronga Mabasa eRudo kangani. Edzai kusangana kamwe chete pamwedzi. Muchidzidzo chechinomwe uchapa mashoko aya kuungano.

- **Namatai pamwe chete**

- Vhura misangano nemunamato. Kuburikidza nesimba raMwari nenjere chete patinokwanisa kushandura nharaunda dzedu. Hazvibviri pasina lye, asi naYe tinogona kuita mutsauko zvechokwadi. Usambofa wakakanganwa kukosha kwomunyengetero; usanyengerwa kufunga kuti zviito zvedu zvakakwana pasina izvozvo.

- **Ongororai zvinodiwa uye namatai**

- Munhu mumwe nomumwe anofanira kuuya kumusangano akagadzirira kukurukura zvinodikanwa zvaanoona zvakamupoterredza. Ipa nguva yekuti vanhu vagovane.
- Tungamira boka munguva yemunamato. Kana uchinge wakumbira kuti Mwari vakupe njere uye vakuratidze zvinodikanwa kuti usangane nazvo, wana nguva yekunyarara. Mushure memaminitisi angangoita mashanu ekunyarara, tenda Mwari kuti anoda kutitungamira. Namata kuti Mwari vakubatsire kuita hurongwa hunomuunza mbiri.
- Kumbira boka kuti rigovere kana paine dzimwe pfungwa dzakauya mupfungwa dzavo pavaakanga vakanyarara. Wedzera pfungwa dzacho pane dzavakambopa kumashure. Kana zvisina kudaro, enderera mberi nemazano vanhu avakambopa kare. Ona kana paine pfungwa yakanakisa kutanga nayo. Batsira boka kusarudza chironzwa.

- **Itai hurongwa**

- Rangarira kuti zviito zvidiki zvinoitwa kakawanda zviri nani pane chinhu chikuru chimwe chete chinoitwa kamwe chete nekuti:
 - Zviri nyore kuita.
 - Kana nharaunda ikaona basa renguva nenguva panzvimbo pechinhu chikuru kamwe chete pagore, havakanganwi.
- Zvirongwa zvinofanirwa kushandisa zviwanikwa zvamakapihwa naMwari uye zvinofanira kuva zvinopera munguva pfupi.
- *Chinonyanya* kukosha ndechekuti zvirongwa zvako zvitevedzere zvawakaratidzwa naMwari kuti uite. Anogona kukuudza kuti uite chimwe chinhu chisina musoro kwauri nekuti chinozomuunzira kukudzwa kana achinge azviita.
- Funga kuburikidza nemibvunzo inotevera paunenge uchiita hurongwa.

1. Muchaita riini basa racho?
 2. Pane zvekushandisa zvinodiwa here? Muchazviwana sei?
 3. Munofanira kukoka vanhu kuti vatore chikamu here? Ndiani achaita izvozvo?
 4. Panoda chero mvumo yakakosha here? Ndiani achabvunza?
 5. Pane here zvipingamupinyi zvingatitadzisa kuita hurongwa hwedu? Kana zvakadaro, tingaiti kuti tikunde zvipingamupinyi izvi?
- **Namatai uye mobva maita zvamakaronga**
 - Pedzisai musangano wenyu nekuita munamato (ona pazasi).
 - Zvadaro itai hurongwa hwenyu.
 - **Ongororai uye namatai mutende Mwari** –Pamusangano UNOTEVERA, onai kuti zvamakaita zvakashanda here ipai rumbidzo kuna Mwari nekukubatsirai kupedzisa basa.

Nguva dzekuzvipira mushoko raMwari nekunyengerera Misangano yeKuronga Mabasa eRudo

Nguva yekuzvipira mushoko raMwari nekunyengerera yekutanga: Kukosha kweMunamato

Zvirevo 3:5-6

Vimba naJehovha nomwoyo wako wose, urege kuzendama panjere dzako; munzira dzako dzose umutende, uye iye acharuramisira nzira dzako.

- Sezvatineronga, tinofanira kutaura naMwari uye kumuteerera kuti tizive zvaanoda kuti tiite.

Isaya 55:8

‘Nokuti ndangariro dzangu hadzizi ndangariro dzenyu, nenzira dzenyu hadzizi nzira dzangu,’ ndizvo zvinotaura Jehovha.

- *Chinonyanya* kukosha ndechokuti zvirongwa zvedu zvitevedzere zvatinatoratidzwa naMwari kuti tiite. Anogona kutiudza kuti tiite chimwe chinhu chisina musoro kwatiri, asi kana tikateerera zvichamuunzira mbiri paanenge achizadzisa.
- Kuburikidza nesimba raMwari nenjere chete patinokwanisa kushandura nharaunda dzedu. Usanyengerwa kufunga kuti zviito zvedu zvakakwana pasina nhungamiro yaMwari uye kuwanda kwekuedza kwedu.

Namatai munhanho imwe neimwe yekuronga, yekuita zvamakaronga uye kuongororwa kweMabasa eRudo kuti arikushanda here.

Nguva yekuzvipira mushoko raMwari nekunyengerera yechipiri: Kuramba Wakatendeka Mateo 21:28-30.

Unofungei? Kwakanga kuno mumwe murume akanga ane vanakomana vaviri. Akaenda kune wokutanga akati, ‘Mwana, enda unoshanda mumunda wemizambiringa nhasi.’ ‘Handidi,’ akapindura kudaro, asi gare gare akachinja

pfungwa dzake akaenda. Baba vakabva vaenda kune mumwe mwanakomana ndokutaura zvimwe chetezvo. Iye akapindura kuti, 'Ndichadaro, Ishe,' asi haana kuenda.

- Mwanakomana wekutanga akaita zvaidiwa nababa.
- Mwanakomana wechipiri akati hungu, asi akanga asina chinangwa chokuteerera.
- Tinofanira kuyeuka kuti hazvina kukwana kungoita zvirongwa; tinofanira kutevera pazviri nekuzviita.

Torai nguva yekunamata, muchiisa zvirongwa zvenyu kuna Mwari uye uchikumbira rubatsiro rwavo mukuzadzisa.

Nzira dzeKuunganidza Vanozvipira Kushanda

- **Dzidzisa pamusoro pekukosha kwekushumira**

Tinofanira kudzidzisa makereke edu nezvekukosha kwekushumira. Kana vanhu vedu vasingazivi nezvekudana kwaMwari kushumira nharaunda dzavo, hatingashamiswe kana vakasazvipira kushumira.

- **Kokai vanhu kuti vatore chikamu**

Vanhu vakawanda havambozvipira kushanda kutozosvikira mumwe munhu avakoka ivo pachavo. Vanogona kunzwa zvichitaurwa pamberi pekereke zviri kuitika, asi vanofunga kuti vamwe vanhu mukereke vachazviita.

Funga nezvevanhu vasingawanzotora chikamu mukushumira kana kuita Mabasa eRudo.

Kana uine Chiito Cherudo kana mumwe mukana webasa unoenderana nehunyanzvi hwavo, wana nguva yekuvakoka iwe pachako.

- **Gadzirai mikana**

Kune vamwe vanhu zvakaoma kuona zvavanogona kuita kuti vashumire. Nekuronga Mabasa eRudo, tinogadzira mikana yekuti vanhu vemukereke vashumire.

Ndehupi hunyanzvi uho vanhu vemuchechi mako hwavangave vasiri kushandisa?

Ndeapi maMabasa eRudo aungaronga ekuti vanhu vane matarenda akasiyana vanogona kutora chikamu?

- **Shandai pamwechete**

Kurudzira vanhu kushanda pamwe chete. Zvinovaka hukama nekubatana, uye vanhu vachanakidzwa nazvo zvakanyanya.

- **Ita kuti zvinakidze**

Vanhu vachazvipira kushanda zvakanyanya, kushanda kwenguva yakareba, uye kutora chikamu zvakanyanya pavanenge vachinakidzwa nezvavari kuita.

- **Cherechedza uye tenda vanhu**

Vanhu vanofarira kubatsira pavanenge vachinzwa nekuona kucherechedzwa uye vachikosheswa.

Ndedzipi dzimwe nzira dzawakacherechedza nekutenda nadzo vanhu?
Ndezvipi zvimwe zvaungaite, kunyanya kune avo vasinganyanyo cherechedzwa?

Vanhu vese vanokurudzirwa zvakasiyana, saka unofanirwa kushandisa nzira dzakasiyana, kwete imwe chete. Unoda kuvaka mweya wekushumira.

Ndedzipi pfungwa dzingashanda zvakanaka mukereke menyu?

Namatira kereke.

Sarudza zvinhu zvitatu zvekushandisa mwedzi uno. Ronga kuti ungazvishandisa sei.